Department of Finance

SCRIE

ENSTWIKSYON SOU RENOUVÈLMAN PRI LWAYE ESTABILIZE nan Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Granmoun Aje

Tanpri ranpli seksyon sa a men pa soumèt li avèk aplikasyon ou

Èske ou kalifye pou Renouvèlman SCRIE?

Tanpri reponn kesyon ki anba la yo:

Èske ou toujou ap viv nan adrès la?	☐ Wi	☐ Non
Èske revni anyèl total moun lakay ou pou ane 2015 (sa oumenm ak tout moun nan kay la te resevwa) se $50,000 dola oswa mwens, apre dediksyon ki akseptab yo?	☐ Wi	☐ Non
Èske ou peye plis pase 1/3 revni ou nan lwaye? *(aplike sèlman si avantaj SCRIE ou te kòmanse apre 1ye jiyè 2015)*	☐ Wi	☐ Non

Si ou te reponn WI pou tout kesyon sa yo, tanpri kontinye avèk aplikasyon pou renouvèlman ou.

Ou dwe depoze aplikasyon pou renouvèlman ou anvan sis mwa apre ou resevwa avi pou renouvèlman an. Si ou bezwen plis tan oswa si ou bezwen èd, gade Kesyon Moun Poze Souvan pou jwenn lòt chwa yo.

Si ou bezwen yon aranjman akòz andikap oswa akòz yon pwoblèm medikal pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la, oswa pou ou kapab patisipe nan yon pwogram yo ofri nan Depatman Finans, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis pou Moun Andikape nan 311.

Nou pa kapab travay sou aplikasyon ou san enfòmasyon sa yo:

- ✓ Ou dwe ranpli seksyon Revni kay la (Seksyon 3) nèt.
- ✓ Ou dwe siyen aplikasyon pou renouvèlman an (Seksyon 5).
- ✓ Kontra pou Renouvèlman Lwaye oumenm ak mèt kay ou te siyen. Alaplas Kontra Lwaye a, ou ka soumèt yon Sètifika san yon fòm Kontra Lwaye ak lòt prèv adrès tankou yon dènye bòdwo sèvis piblik si mèt kay ou pa t ba ou yon kontra lwaye (pou peryòd renouvèlman sa a). Sètifika sa a san yon fòm Kontra Lwaye disponib sou sitwèb nou nan nyc.gov/rentfreeze oswa ou ka rele 311 pou mande pou nou voye yon kopi pou ou. Nòt: Sètifika sa a san yon fòm Kontra Lwaye a se yon diplis sou fòm Aplikasyon pou Renouvèlman ou ranpli a epi ou kapab itilize li sèlman pou yon peryòd renouvèlman. Ou dwe fè tout efò pou mande ak soumèt kontra lwaye a.
- ✓ Soumèt prèv revni 2015 pou TOUT moun nan kay la, ansanm ak oumenm.

Lòt dokiman obligatwa, sèlman si yo anvigè.

- ✓ Si ou peye yon pri lwaye ki pi ba (ki rele pri lwaye preferansyèl pafwa), mete yon kopi kondisyon siplemantè kontra lwaye preferansyèl ou ki tache nan kontra lwaye ou.
- ✓ Si ou te resevwa yon ogmantasyon pri lwaye akòz yon Gwo Amelyorasyon Enpòtan (Major Capital Improvement, MCI), bay Lòd Apwobasyon Divizyon Kay ak Renouvèlman Kominote (Division of Homes and Community Renewal, DHCR).
- ✓ Si pri lwaye ou te ogmante akòz yon aparèy menaje oswa akòz yon amelyorasyon apatman an, mete yon kopi akò a ant oumenm ak mèt kay ou.

Fèy Kalkil Revni Kay ki nan SCRIE/DRIE (Fason pou kalkile revni kay ou)

Tanpri gade fèy kalkil revni ki tache a. Itilize fèy kalkil sa a kòm yon zouti pou detèmine revni anyèl total kay ou pou ane anvan an. Ranpli seksyon revni an pou chak moun nan kay. Si gen plis pase de moun siplemantè k ap viv avèk ou, bay enfòmasyon yo sou yon fèy apa epi tache li nan aplikasyon ou.

Anvan ou kòmanse, ou ta dwe:

- Rasanble tout dokiman revni yo pou ane 2015 pou ou ak tout moun lakay ou.
- Antre kantite lajan total ou resevwa a nan kay ou jwenn pou kalite revni ki koresponn nan sou fèy kalkil revni an.

SOUS REVNI:

Liy 1 – Avantaj Sekirite Sosyal (Social Security Benefits, SSA)

Antre kantite lajan total anvan dediksyon pou nenpòt avantaj retrèt oswa sivivan oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan Administrasyon Sekirite Sosyal nan ane 2015. *Ale nan Fòm 1099 SSA, Fòm 1040 IRS liy 20a. PA mete ranbousman anba Medicare/Medicaid pou depans medikal yo.*

Liy 2 – Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap (Social Security Disability Insurance, SSDI)

Ou dwe mete nenpòt Revni Sekirite Sosyal pou Andikap (Social Security Disability Income, SSDI) tout moun nan kay la resevwa. *Gade tout lèt rekonpans avantaj yo pou jwenn avantaj ou te resevwa yo nan ane 2015.*

Liy 3 – Asirans Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Insurance, SSI)

Ou dwe mete nenpòt Revni Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Income, SSI) tout moun nan kay la te resevwa nan ane 2015 ansanm ak avantaj ou te resevwa pou timoun depandan yo ki nan kay la. *Gade tout lèt rekonpans avantaj yo pou jwenn avantaj ou te resevwa yo nan ane 2015.*

Liy 4 – Avantaj Afè Veteran (Veterans Affairs, VA) oswa Pansyon/Konpansasyon pou Andikap nan VA

Antre kantite lajan total tout avantaj yo anvan dediksyon pou ou ak tout moun nan kay la ki te resevwa avantaj VA nan pansyon pou andikap nan Depatman Afè Veteran (Department of Veterans Affairs) Etazini. Soumèt kopi tout lèt avantaj yo ki soti nan Depatman Afè Veteran ki endike ki kantite lajan ou te resevwa nan ane 2015.

Liy 5 – Salè pa Èdtan/Salè/Poubwa

Antre kantite lajan total salè pa èdtan, salè, ak poubwa, oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2015. *Ale nan kaz 1 ki nan W-2, kaz 7 ki nan 1099-MISC, liy 7 Fòm 1040 IRS, liy 1 Fòm IT-201 NYS.*

Liy 6 – Pansyon

Antre kantite lajan total pansyon oumenm ak tout moun nan kay la te resevwa nan ane 2015.

Liy 7 – Peman pou Andikap/Konpansasyon Travayè

Antre kantite lajan total Konpansasyon Travayè oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2015. Soumèt yon kopi lèt rekonpans ou ansanm avèk aplikasyon ou.

Liy 8 – Enterè ki Taksab ak Enterè ki Pa Taksab

Antre kantite lajan total tout enterè ki taksab ak enterè ki pa taksab oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2015. *Ale nan kaz 1 ki nan 1099-INT, liy 8a ak 8b 1040, liy 2 Fòm IT-201 NYS.*

Liy 9 – Lèt Rekonpans Lajan Kach Èd Piblik

Antre kantite lajan total nenpòt èd lajan kach oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2015. Soumèt kopi lèt bidjè a ansanm avèk aplikasyon pou tout moun nan kay la k a resevwa èd lajan kach la. Ou pa ta dwe mete SNAP/koupon pou manje nan revni kay ou.

Liy 10 – Revni nan Biznis

Antre kantite lajan total sous revni nan biznis oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2015. *Ale nan liy 12 Fòm 1040 IRS, liy 6 Fòm IT-201 NYS. Pa mete yon pèt.* Revni nan biznis apre dediksyon se resèt brit mwens depans yo.

Liy 11 – Pwofi nan Kapital

Antre kantite lajan total pwofi nan kapital ki taksab oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2015. *Ale nan liy 13 ak 14 Fòm 1040 IRS, liy 7 ak 8 Fòm IT-201 NYS. PA mete yon pèt.*

Liy 12 – Revni nan IRA

Antre kantite lajan total revni nan IRA oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2015. Tache yon kopi etadkont salè fen ane pou ane 2015. *PA mete kantite lajan total distribisyon an. PA mete okenn refinansman IRA oswa konvèsyon.*

Liy 13 – Revni nan Anwite

Antre kantite lajan total revni nan anwite oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2015. Tache yon kopi etadkont salè fen ane pou ane 2015. *PA mete kantite lajan total distribisyon an.*

Liy 14 – Tout Lòt Revni

Antre tout lòt revni ou te resevwa nan ane 2015. Lòt revni gen ladan (men pa sèlman) revni nan lokasyon, lwaye ou touche nan men lokatè, revni nan byen imobilye oswa fideyikomi, peman pansyon alimantè, peman sipò timoun, lajan ou genyen nan jwèt aza, dividann ki taksab ak dividann ki pa taksab, anilasyon dèt ak sipò lajan ou resevwa nan men fanmi/zanmi pou lwaye.

Liy 15 – Adisyone liy 1 jiska liy 14 epi antre kantite lajan an.

DEDIKSYON KI ANVIGÈ

Liy 16 – Taks federal ou peye sou revni

Liy 17 – Taks Leta ou peye sou revni

(Kaz 17 ki nan W-2, Fòm 1099 – Kaz dediksyon taks Leta, Fòm IT-201 NYS, gade liy 72)

Liy 18 – Taks lokal ou peye sou revni

(Kaz 19 ki nan W-2, Liy 73 ki nan Fòm IT-201 NYS)

Liy 19 – Taks sekirite Sosyal ou peye

(Kaz 4 ki nan W-2)

Liy 20 – Adisyone liy 16 jiska liy 19 epi antre kantite lajan an.

Tanpri ranpli seksyon sa a men pa soumèt li avèk aplikasyon ou

Fèy Kalkil Revni Kay

	Sous Revni Moun ki Aplike a Resevwa	Moun ki Aplike a	Moun nan Kay #1	Moun nan Kay #2	TOTAL
1	Avantaj Sekirite Sosyal (Social Security Benefits, SSA) *(Kaz 5 ki nan SSA-1099, Liy 20a ki nan Fòm 1040 IRS)*	$	$	$	$
2	Asirans pou Andikap nan Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI) *(Etadkont Avantaj SSDI)*	$	$	$	$
3	Asirans Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Insurance, SSI) *(Etadkont Avantaj SSI)*	$	$	$	$
4	Avantaj Afè Veteran (Veterans Affairs, VA) oswa Pansyon/Konpansasyon pou Andikap nan VA *(Distribisyon brit nan etadkont avantaj anyèl)*	$	$	$	$
5	Salè pa èdtan/Salè/Poubwa *(Kaz 1 ki nan W-2, kaz 7 ki nan 1099-MISC, liy 7 Fòm 1040 IRS, liy 1 Fòm IT-201 NYS)*	$	$	$	$
6	Pansyon *(Kaz 1 ki nan 1099R, pansyon anyèl total ki nan etadkont pansyon, liy 16a ki nan Fòm 1040 IRS)*	$	$	$	$
7	Peman pou Andikap/Konpansasyon Travayè *(Tache lèt rekonpans lan)*	$	$	$	$
8	Enterè ki Taksab ak Enterè ki pa Taksab *(kaz 1099-INT 1, Fòm 1040 IRS liy 8a ak 8b)*	$	$	$	$
9	Lèt Rekonpans Lajan Kach Èd Piblik *(Lèt Bidjè PA)*	$	$	$	$
10	Revni nan Biznis *(Li 12 ki nan 1040—PA mete yon pèt, liy 6 ki nan Fòm IT-201 NYS)*	$	$	$	$
11	Pwofi nan Kapital *(Liy 13 ki nan Fòm 1040 IRA, liy 7 ki nan Fòm IT-201 NYS—PA mete yon pèt)*	$	$	$	$
12	Salè nan IRA *(Etadkont salè fen ane—PA mete kantite lajan distribisyon ou)*	$	$	$	$
13	Salè nan Anwite *(Etadkont salè fen ane—PA mete kantite lajan distribisyon ou)*	$	$	$	$
14	Tout Lòt Revni *(ale nan gid FAQ pou jwenn yon lis sous revni yo)*	$	$	$	$
15	**REVNI TOTAL (Adisyone liy 1 jiska liy 14)** +	$	$	$	$

	Dediksyon ki Anvigè				
16	Taks Federal ou peye sou revni *(Kaz 2 ki nan W-2, Fòm 1099—kaz ki gen dediksyon taks federal sou revni*	$	$	$	$
17	Taks Leta ou peye sou revni *(Kaz 17 ki gen W-2, Fòm 1099—Kaz ki gen dediksyon taks Leta)*	$	$	$	$
18	Taks lokal ou peye sou revni *(Kaz 19 ki nan W-2)*	$	$	$	$
19	Taks Sekirite Sosyal ou peye *(Kaz 4 ki nan W-2)*	$	$	$	$
20	**DEDIKSYON TOTAL (Adisyone liy 16 jiska liy 19)** +	$	$	$	$
21	**REVNI TOTAL (liy 15 mwens liy 20)** −	$	$	$	$

Fason pou Ranpli Aplikasyon pou Renouvèlman SCRIE sa a

Ekri dat ou ranpli aplikasyon an ak nimewo rejis la. Ou kapab jwenn nimewo rejis ou sou avi yo te voye ba ou nan SCRIE.

Seksyon 1: Enfòmasyon sou Moun ki Aplike

Pou moun ki aplike a, bay prenon ak non fanmi ou, dat ou fèt, Nimewo Sekirite Sosyal ou ak adrès ou okonplè. Si ou genyen, bay yon nimewo telefòn prensipal, yon nimewo telefòn selilè, oswa yon adrès imèl.

Seksyon 2: Reprezantan Lokatè a

Nou rekòmande ou toutbon pou tout ki aplike yo bay yon reprezantan lokatè. Moun sa a ap resevwa kopi tout avi nou yo voye ba moun prensipal ki aplike a. Itilize espas sa a pou ajoute detay pou kontakte reprezantan lokatè a.

Seksyon 3: Revni Moun ki nan Kay la

Ou dwe endike revni anyèl total pou ou (moun ki aplike a) ak tout moun nan kay la pou ane 2015.

Fason moun ki aplike a touche revni li

– Itilize kaz pou chwazi a pou endike tout sous revni pou chak moun ki nan kay la. Endike nenpòt lòt revni, si genyen.
– Bay revni total la nan fèy kalkil revni an.
– Bay dediksyon total ki anvigè a nan fèy kalkil revni an.
– Si ou ta renmen konfime ou pa t resevwa okenn revni pou ane 2015 lan, chwazi kaz ou jwenn nan.

Kounye a ou mete enfòmasyon sou revni ou, w ap bezwen ranpli seksyon revni an pou chak moun k ap viv nan kay la. Si gen plis pase de moun siplemantè k ap viv avèk ou, bay enfòmasyon yo sou yon fèy apa epi tache li nan aplikasyon ou. Pa bliye tache prèv revni 2015 pou ou ak tout moun lakay ou.

Fason moun nan kay la touche revni yo

– Ekri prenon ak non fanmi moun nan kay la.
– Bay dat nesans, Nimewo Sekirite Sosyal nan espas ou jwenn nan.
– Bay chak relasyon moun nan kay la avèk moun prensipal ki aplike a, pa egzanp, madanm/mari, paran, pitit fi/pitit gason, pitit-pitit fi/pitit-pitit gason.
– Itilize kaz pou chwazi a pou endike tout sous revni pou moun ki nan kay la. Endike nenpòt lòt revni, si genyen.
– Bay revni total la nan fèy kalkil revni an.
– Bay dediksyon total ki anvigè a nan fèy kalkil revni an.
– Si ou ta renmen konfime moun nan kay ou endike yo pa t resevwa okenn revni pou ane 2015 lan, chwazi kaz ou jwenn nan.

Seksyon 4: Enfòmasyon sou Kontra Lwaye a

Endike si ou te siyen kontra lwaye ou pou yon ane oswa pou dezan. Si mèt kay ou pa t ba ou yon kontra pou renouvèlman lwaye, endike sa depi ou chwazi kaz la, depi ou ranpli fòm Konfimasyon san yon Kontra Lwaye, epitou tache lòt prèv adrès ou tankou yon dènye bòdwo sèvis piblik.

Endike si pri lwaye ou te ogmante akòz yon Gwo Amelyorasyon Enpòtan (Major Capital Improvement, MCI) nan bilding ou. Si li posib, bay yon kopi lòd apwobasyon Divizyon Kay ak Renouvèlman Kominote (Division of Homes and Community Renewal, DHCR) ansanm avèk aplikasyon ou. Mèt kay ou ta dwe ba ou lòd apwobasyon DHCR. Egzanp gwo amelyorasyon enpòtan se ka nouvo asansè, reparasyon twati, amelyorasyon lakou, elatriye. Si pri lwaye ou pa t ogmante akòz yon gwo amelyorasyon enpòtan, endike sa depi ou chwazi non.

Endike si pri lwaye ou te ogmante akòz renovasyon nan apatman ou oswa paske ou te resevwa nouvo aparèy menaje. Si li posib, bay yon kopi akò Fideyikomi an ansanm avèk aplikasyon ou. Mèt kay ou ta dwe ba ou yon akòz ki endike kantite lajan ogmantasyon pri lwaye a ak dat li anvigè. Si pri lwaye ou pa t ogmante akòz yon amelyorasyon nan apatman ou apa/nouvo aparèy menaje, endike sa depi ou chwazi non. *NÒT: Pri lwaye a ogmante akòz amelyorasyon nan apatman apa ki pa garanti avèk SCRIE. N ap ajoute ogmantasyon sa yo nan pri lwaye estabilize ou.*

Seksyon 5: Sètifika

Apre ou li konfimasyon an, siyen li, ekri non ou an lèt detache epi mete dat la nan espas ou jwenn yo. Revize aplikasyon ou epi asire ou reponn tout kesyon yo. Bay yon kopi tout prèv revni pou ane 2015 lan pou oumenm ak tout moun ki nan kay la. Bay yon kopi kontra lwaye siyen ou. Si li posib, bay yon kopi kondisyon siplemantè kontra lwaye ou, lòd apwobasyon MCI, oswa nenpòt akò pou amelyorasyon apatman apa/ogmantasyon pri lwaye akòz aparèy menaje.

Voye aplikasyon ou an pa lapòs nan:

New York City Department of Finance, SCRIE Unit, 59 Maiden Lane, 22nd Floor, New York, NY 10038.

OFFICE USE ONLY: ☐ APPROVED ☐ DENIED ☐ PENDING

Department of Finance

SCRIE

Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Granmoun Aje

APLIKASYON POU RENOUVÈLMAN PRI LWAYE ESTABILIZE

Tanpri asire MOUN PRENSIPAL KI APLIKE a siyen dènye paj aplikasyon sa a.

Voye aplikasyon ou plen an pa lapòs nan:
New York City Department of Finance, SCRIE Unit, 59 Maiden Lane, 22nd Floor, New York, NY 10038

TANPRI EKRI AN LÈT DETACHE

DAT LA	NIMEWO REJIS SCRIE

1. ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

NON (PRENON, NON FANMI)		
DAT NESANS (mwa/jou/ane)	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	
ADRÈS RI		APT.
VIL	ETA	KÒD POSTAL
NIMEWO TELEFÒN	NIMEWO TELEFÒN SELILÈ	
ADRÈS IMÈL		

2. ENFÒMASYON SOU REPREZANTAN LOKATÈ A

Ou kapab mande pou nou voye kopi avi yo ba yon lòt moun (anplis ba ou). Chwazi yon reprezantan depi ou bay enfòmasyon nou mande anba la a:

NON (PRENON, NON FANMI)	RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A	
ÒGANIZASYON	NIMEWO TELEFÒN	
ADRÈS RI		APT.
VIL	ETA	KÒD POSTAL
ADRÈS IMÈL		

3. MOUN NAN KAY LA AK REVNI

Ranpli seksyon revni ki vini pou ou (moun ki aplike a) ak pou chak moun ki nan kay la. Ou dwe bay dokiman sipò yo pou tout moun ki nan kay la. Gade Fèy Kalkil Revni Moun nan Kay la pou kalkile revni total la.

Si gen plis pase de moun siplemantè k ap viv avèk ou, bay enfòmasyon yo sou yon fèy apa epi tache li nan aplikasyon ou.

Moun ki Aplike:

NON (PRENON, NON FANMI)		
DAT NESANS (mwa/jou/ane)	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A

SOUS REVNI YO

- ☐ Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)
- ☐ Avantaj pou Veteran
- ☐ Salè pa èdtan
- ☐ Pansyon
- ☐ IRA/Revni nan Anwite
- ☐ Konpansasyon Travayè
- ☐ Enterè
- ☐ Pwofi nan kapital
- ☐ Èd Piblik
- ☐ Lòt: _____
- ☐ Revni nan Biznis
- ☐ Lwaye lokatè ou (yo) peye: _____

REVNI TOTAL NAN ANE 2015	DEDIKSYON TOTAL YO POU ANE 2015	☐ Mwen pa t gen revni nan ane 2015

Moun nimewo 1 ki nan kay la:

NON (PRENON, NON FANMI)		
DAT NESANS (mwa/jou/ane)	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A

SOUS REVNI YO

- ☐ Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)
- ☐ Avantaj pou Veteran
- ☐ Salè pa èdtan
- ☐ Pansyon
- ☐ IRA/Revni nan Anwite
- ☐ Konpansasyon Travayè
- ☐ Enterè
- ☐ Pwofi nan kapital
- ☐ Èd Piblik
- ☐ Lòt: _____
- ☐ Revni nan Biznis

REVNI TOTAL NAN ANE 2015	DEDIKSYON TOTAL YO POU ANE 2015	☐ Moun nan kay sa a pa t gen revni nan ane 2015.

3. MOUN NAN KAY LA AK REVNI (KONTINYE)

Moun nimewo 2 ki nan kay la:

NON (PRENON, NON FANMI)		
DAT NESANS (mwa/jou/ane)	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A

SOUS REVNI YO

- ☐ Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)
- ☐ Avantaj pou Veteran
- ☐ Salè pa èdtan
- ☐ Pansyon
- ☐ IRA/Revni nan Anwite
- ☐ Konpansasyon Travayè
- ☐ Enterè
- ☐ Pwofi nan kapital
- ☐ Èd Piblik
- ☐ Lòt: _____
- ☐ Revni nan Biznis

REVNI TOTAL NAN ANE 2015	DEDIKSYON TOTAL YO POU ANE 2015	☐ Moun nan kay sa a pa t gen revni nan ane 2015.

Si ou gen plis pase de moun k ap viv avèk ou, bay enfòmasyon yo sou yon fè apa.

4. ENFÒMASYON SOU PRI LWAYE: ENFÒMASYON SOU KONTRA LWAYE (CHWAZI YOUN)

Tcheke si ou te siyen yon nouvo kontra lwaye pou yon ane oswa pou dezan:

☐ kontra lwaye sou 1 ane ☐ kontra lwaye sou 2 zan ☐ Mèt kay mwen pa t ban mwen yon kontra lwaye

Èske pri lwaye ou te ogmante akòz yon Gwo Amelyorasyon Enpòtan (Major Capital Improvement, MCI) ☐ Wi ☐ Non ☐ Mwen pa konnen
Si ou reponn wi, soumèt lòd apwobasyon DHCR mèt kay ou te ba ou a.

Èske pri lwaye ou te ogmante paske ou te resevwa yon nouvo aparèy menaje oswa akòz renovasyon nan apatman an apa? ☐ Wi ☐ Non ☐ Mwen pa konnen
Si ou reponn wi, bay yon kopi akò mèt kay ou te ba ou.

NÒT: Ou dwe voye tout dokiman sipò yo.
Si nou pa kapab travay sou aplikasyon ou.

5. SÈTIFIKA

Tanpri li sètifika ki anba la a avèk anpil atansyon, epi siyen li. Aplikasyon ou pa konplè si ou pa siyen li.

Anba menas sanksyon lalwa bay, mwen konfime m ap viv nan moman an nan adrès ki endike nan aplikasyon sa a epi enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè ak konplè.

Mwen rekonèt epi mwen dakò si mwen pa divilge tout revni moun nan kay la, ak peman lwaye mwen resevwa nan men lokatè yo, yo ka fè mwen responsab pou remèt Minisipalite Vil la tout kantite lajan nenpòt avantaj SCRIE mwen te resevwa yon fason ki pa kòrèk plis nenpòt frè enterè.

Mwen rekonèt Depatman Finans (Department of Finance) ka verifye revni mwen. Mwen bay Depatman Finans otorizasyon pou revize fòm deklarasyon taks sou revni leta ak federal mwen. Mwen bay otorizasyon pou yo divilge enfòmasyon yo ba lòt ajans pou yo detèmine si mwen kalifye pou lòt dwa ak avantaj, epitou yo ka mande mwen pou mwen bay prèv revni moun lakay sou demann.

EKRI NON MOUN PRENSIPAL KI APLIKE A AN LÈT DETACHE	SIYATI MOUN PRENSIPAL KI APLIKE A	DAT LA
EKRI MOUN KI GEN DWA PWOKIRASYON AN/ RESPONSAB LEGAL YO DEZIYEN AN LÈT DETACHE	SIYATI MOUN KI GEN DWA PWOKIRASYON AN/ RESPONSAB LEGAL YO DEZIYEN AN	DAT LA

Si yon Dwa Pwokirasyon/Responsab Legal Tribinal Chwazi siyen sou non moun prensipal ki aplike a, Dwa Pwokirasyon an oswa dokiman tribinal la obligatwa.

Lwa Federal 1974 sou Enfòmasyon Prive, selon amannman, egzije ajans ki mande Nimewo Sekirite Sosyal yo pou fè moun yo mande enfòmasyon sa yo konnen si se avèk volonte yo oswa avèk obligasyon pou yo konfòme yo avèk demann lan, pou kisa ajans yo fè demann lan, ak fason ajans yo pral itilize enfòmasyon yo. Divilgasyon Nimewo Sekirite Sosyal yo pou moun ki aplike yo ak moun nan kay la ki touche revni obligatwa ak nesesè dapre seksyon 11-102.1 Kòd Administratif Vil New York. Nou mande nimewo sa yo ki divilge sou nenpòt rapò oswa fòm deklarasyon taks pou rezon administrasyon taks sèlman, epi n ap itilize yo pou fasilite pwosesis rapò yo epi pou detèmine ak konsève yon sistèm inifòm pou idantifye kontribiyab ki depannde oswa ki ka depannde taks Depatman Finans administre epi touche. Nou ka divilge nimewo sa yo tou nan enfòmasyon ki endike nan fòm deklarasyon taks kontribiyab la ba yon lòt depatman, moun, ajans oswa enstitisyon jan lalwa ka egzije sa, oswa si moun ki aplike a oswa moun nan kay ki touche revni yo bay otorizasyon alekri pou Depatman Finans.

Tanpri li men pa soumèt sa ou li avèk aplikasyon ou

Èske ou te...

- ☐ Tcheke aplikasyon an pou asire ou te reponn tout kesyon yo?
- ☐ Siyen epi date seksyon Konfimasyon an nan paj anvan an?
- ☐ Mete prèv TOUT moun nan kay ansanm ak tèt ou pou ane 2015? Prèv revni gen ladan, men pa sèlman:
  - ✓ Deklarasyon taks sou revni
  - ✓ Deklarasyon avantaj Sekirite Sosyal
  - ✓ Etadkont IRA/Anwite ansanm ak etadkont salè
  - ✓ Etadkont pansyon
  - ✓ Lèt lokatè siyen ki endike peman lwaye
  - ✓ Etadkont 1099/W2
  - ✓ Etadkont bidjè èd piblik
  - ✓ Lèt sitiyasyon etidyan pou nenpòt etidyan ki p ap travay epi k ap viv nan kay la
  - ✓ Lèt zanmi/manm fanmi siyen ki endike kantite èd lajan
- ☐ Jwenn yon kopi kontra lwaye siyen ou?
- ☐ Jwenn yon kopi kondisyon siplemantè preferansyèl ou, Lòd Apwobasyon DHCR, Lòd MCI, oswa akò pou ogmantasyon pri lwaye a, si genyen?

Soumèt aplikasyon ou:

PA LAPÒS:

New York City Department of Finance
SCRIE Unit
59 Maiden Lane, 22nd Floor
New York, NY 10038

FAS-A-FAS:

SCRIE/DRIE Walk-In Center
66 John Street, 3rd Floor
New York, NY 10038
Lendi-Vandredi, ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.

Kesyon Moun Poze Souvan

1. Kisa Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye ye?

Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye vle di Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Granmoun Aje (Senior Citizen Rent Increase Exemption, SCRIE) ak pwogram Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Moun Andikape (Disability Rent Increase Exemption, DRIE).

2. Kisa verifikasyon kalifikasyon dapre yon tyè revni ye epi kijan li kapab afekte avantaj SCRIE mwen?

Si ou te aplike pou pwogram SCRIE epi nou te apwouve ou pou pwogram nan kòm yon nouvo moun ki aplike apre 1ye jiyè 2015, aplikasyon pou renouvèlman ou ka depannde verifikasyon kalifikasyon dapre yon tyè revni ou. Depatman Finans (Department of Finance) pral adisyone revni anyèl pou ou ak tout moun lakay ou epi y ap divize kantite lajan sa a pa 36. Rezilta a se yon tyè revni moun lakay ou pa mwa. Answit n ap konpare yon tyè revni moun lakay ou pa mwa avèk nouvo pri lwaye a ki nan kontra renouvèlman an epitou avèk pri lwaye estabilize ou. Si yon tyè revni moun lakay ou pa mwa pi gwo pase nouvo pri lwaye ou lè sa a ou pa ta kalifye ankò pou avantaj SCRIE. Si yon tyè revni moun lakay ou pa mwa pi piti pase nouvo pri lwaye ou men li pi gwo pase pri lwaye estabilize ou, n ap ogmante pri lwaye estabilize ou a yon tyè revni moun lakay ou pa mwa.

Si ou te antre nan pwogram SCRIE nan dat 1ye jiyè 2015 oswa anvan dat sa a, aplikasyon renouvèlman ou ap depannde verifikasyon kalifikasyon ou dapre yon tyè revni ou.

3. Kilè mwen gen obligasyon pou renouvle avantaj mwen?

Tout moun ki resevwa SCRIE gen obligasyon pou depoze yon aplikasyon renouvèlman chak ane oswa chak dezan. Nou voye aplikasyon pou renouvèlman SCRIE apeprè 60 jou anvan ekspirasyon avantaj yon benefisyè. Si ou pa resevwa yon aplikasyon renouvèlman pa lapòs pou nenpòt rezon, aplikasyon renouvèlman yo disponib depi ou ale sou sitwèb nyc.gov/rentfreeze oswa depi ou rele 311 epi ou mande pou nou voye youn pa lapòs pou ou.

4. Kisa k ap pase si benefisyè prensipal avantaj yo chanje adrès?

Si benefisyè prensipal avantaj yo chanje adrès pou ale nan yon lòt apatman ki gen pri lwaye kontwole, benefisyè prensipal avantaj yo dwe depoze yon Aplikasyon Transfè Avantaj Apatman pou li transfere egzanpsyon ou nan nouvo apatman an.

5. Kisa pou mwen fè si mwen peye yon pri lwaye ki pi ba pase kantite lajan pri lwaye legal mwen jan sa endike nan kontra lwaye mwen?

Pou objektif Pwogram Pri Lwaye Estabilize yo, si ou peye yon pri lwaye ki pi ba, ki rele pri lwaye preferansyèl pafwa, n ap konsidere sa kòm yon akò ant lokatè a ak mèt kay la. Poutèt sa, pri lwaye estabilize ap baze sou pri lwaye legal ki anrejistre a. Tanpri soumèt kopi dwa pwokirasyon an oswa lòd tribinal la ansanm avèk aplikasyon an yon fason pou SCRIE kapab konsève enfòmasyon yo nan dosye epi pou asire nou voye kopi tout korespondans SCRIE ba POA oswa ba responsab legal la.

6. Pou objektif Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye, kimoun nou konsidere kòm yon moun ki nan kay?

Nou konsidere moun ki nan kay yo kòm chèf kay la epi kò, nenpòt moun k ap viv nan apatman an sou yon baz pèmanan. Yon lokatè, pansyonè oswa sou-lokatè serye ki pa anyen pou chèf kay la pa konsidere kòm yon moun ki nan kay la. Ou dwe bay lis tout moun lakay ou sou aplikasyon an, epitou ou dwe divilge revni yo pou ane anvan an (ane anvan ou soumèt aplikasyon ou). Si nenpòt nan moun nan kay la pa t gen revni nan ane anvan an, ou dwe endike sa sou aplikasyon an epi ou dwe bay prèv ki endike pa gen revni.

7. Kimoun nou PA konsidere kòm yon moun nan kay la?

Pansyonè ki gen yon akò lokasyon epi ki peye ou pa konsidere kòm moun nan kay la. Manm fanmi yo pa konsidere kòm pansyonè. *NÒT: pansyonè yo pa kalifye pou yo pran kontwòl avantaj yo.* Ou pa gen pou endike pansyonè yo sou aplikasyon ou; men ou dwe divilge kantite lajan lwaye yo peye ou depi ou soumèt yon lèt pansyonè a bay ki endike kantite lajan li peye ou chak mwa. *PA soumèt revni pansyonè a te resevwa.*

8. Kisa pou mwen fè si mwen pa kapab siyen aplikasyon an oswa kontra lwaye a sou plan fizik?

Yon Dwa Pwokirasyon (Power of Attorney, POA) otorize oswa yon responsab legal tribinal chwazi ka siyen dokiman yo sou non benefisyè prensipal la. Tanpri soumèt kopi dwa pwokirasyon an oswa lòd tribinal la ansanm avèk aplikasyon an yon fason pou SCRIE kapab konsève enfòmasyon yo nan dosye epi pou asire nou voye kopi tout korespondans SCRIE ba POA oswa ba responsab legal la.

9. Kisa dediksyon ki anvigè ye?

Taks federal, taks Leta, taks Vil ak taks Sekirite sosyal ou peye se dediksyon ki anvigè.

10. Kisa yo konsidere kòm revni mwen dwe rapòte pou yo detèmine si mwen kalifye?

Anba la a se yon lis sous revni pwogram SCRIE konsidere. Si oumenm ak moun lakay ou resevwa revni nan nenpòt nan sous sa yo, w ap gen pou antre enfòmasyon sa yo nan *Fèy Kalkil Revni* ou jwenn nan ansanm avèk aplikasyon an, epitou w ap gen pou tache prèv dokiman yo jan sa endike.

– Sekirite Sosyal (SSA, SSI, SSDI)
(Tache kopi SSA-1099 oswa dokiman lèt rekonpans avantaj SSI)

– Salè/Salè pa Èdtan/Poubwa
(Tache W-2 yo tankou travay endepandan)

– Revni nan Biznis
(Tache Anèks C, Fòm Deklarasyon Taks nan S-Corp avèk K-1 oswa Fòm Deklarasyon Taks Patenarya)

– Enterè ki Taksab ak Enterè ki pa Taksab
(Tache tout 1099-INT ak etadkont fen ane pou enterè ki pa taksab yo)

– Dividann ki Taksab ak Dividann ki pa Taksab
(Tache tout 1099-INT ak etadkont fen ane pou dividann ki pa taksab yo)

– Revni nan IRA
(Tache yon kopi enterè, dividann, oswa pwofi ou fè sou kapital). PA mete kantite lajan distribisyon ou.

– Plan Pansyon, Anwite ak Retrèt
(Tache etadkont 1099R epi mete pansyon ki taksab yo ak pansyon ki pa taksab yo)

– Avantaj Pansyon oswa Konpansasyon pou Andikap nan Afè Veteran
(Veterans Affairs, VA)
(Tache lèt rekonpans lan)

– Pwofi sou Kapital
(Mete etadkont distribisyon pwofi sou kapital ki gen taks difere ki soti nan enstitisyon finansye)

– Revni nan Lokasyon
(Tout pwopriyete ou posede yo)

– Peman lwaye ou resevwa nan men pansyonè

– Èd nan Lwaye (sibvansyon)

– Avantaj pou Andikap/peman Konpansasyon Travayè Avantaj Asirans pou Chomaj
(Tache lèt rekonpans lan)

– Revni nan Byen Imobilye ak Fideyikomi
(Tache Fòm Deklarasyon Taks sou Revni nan Byen Imobilye/Fideyikomi)

– Peman Pansyon Alimantè ak/oswa Sipò Timoun ou resevwa
(Tache lòd tribinal la)

– Lajan ou resevwa nan men fanmi an a/oswa zanmi pou lwaye a
(Tache lèt ki endike nan men moun ou resevwa lajan an ak kantite lajan ou resevwa)

– Lajan Ou Genyen nan Jwèt Aza/Lotri
(Tache 1099-MISC)

– Èd Piblik ak/oswa Lòt Sous Revni
(Tache prèv la)

– Rekouvreman Dèt

11. Ki revni ki eskli ou pa gen pou rapòte lè m ap detèmine si mwen kalifye?

– Kado an lajan kach

– Eritaj

– Domaj enterè tribinal akòde ou nan yon pwosè pou domaj pèsonèl

– Peman èd pou enèji

– Ranbousman taks sou revni

– Re-finansman IRA
(IRA ki refinanse nan lòt kont retrèt)

– Avantaj nan Pwogram Èd Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ki te rele Pwogram Koupon pou Manje (Food Stamp Program) anvan

12. Kimoun mwen kapab kontakte si mwen gen kesyon konsènan avantaj mwen yo oswa pwosesis aplikasyon an?

Si ou gen aksè nan yon òdinatè, ou kapab soumèt yon demann sou sitwèb Depatman Finans depi ou ale sou **nyc.gov/contactscrie** pou kesyon ou genyen sou SCRIE. Ou ka rele 311 tou oswa ou ka vini nan Sant san Randevou nou nan adrès:
66 John Street, 3rd Floor, New York, NY, 10038
Orè Fonksyònman: Lendi-Vandredi, ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.

13. Kimoun mwen kapab kontakte si mwen pa konprann yon desizyon yo te pran konsènan aplikasyon mwen oswa avantaj mwen yo?

Tout moun ki aplike pou Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye ki te resevwa yon avi ofisyèl pou apwobasyon, refi, oswa anilasyon gen dwa pou jwenn èd pou yo rezoud pwoblèm yo avèk aplikasyon ak avantaj SCRIE/DRIE yo. Medyatè SCRIE/DRIE kapab idantifye ak rezoud pwoblèm yo avèk aplikasyon oswa avantaj ou apre ou fè pwosesis aplikasyon an. Ou ka kontakte yo depi ou ale sou sitwèb DOF nan **nyc.gov/ombudscrie** pou jwenn èd avèk SCRIE oswa nan **nyc.gov/ombuddrie** pou jwenn èd avèk DRIE.

14. Kisa mwen kapab fè si mwen te rate dat limit 6 mwa pou depoze aplikasyon pou renouvèlman mwen?

DOF te pibliye yon règleman sou "pwolongasyon pou depoze aplikasyon" ki annamoni avèk Lwa Anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disability Act, ADA). Dapre ADA, moun ki aplike yo ka kalifye pou tan siplemantè si yon andikap te anpeche moun ki aplike a respekte dat limit aplikasyon pou renouvèlman an. Moun ki aplike a dwe depoze yon fòm Demann Aranjman Rezonab (Reasonable Accommodation Request, RAR) epitou li dwe soumèt fòm nan ba ofisye EEO ajans lan ansanm avèk dokiman sipò yo. Si nou apwouve yon demann pwolongasyon, ou dwe soumèt tout dokiman renouvèlman yo pou pwouve ou kontinye kalifye.

15. Ki chwa mwen genyen si mwen gen yon pèt revni pèmanan?

Si ou te gen yon pèt pèmanan 20% oswa plis revni ou te rapòte nan aplikasyon anvan an, ou ka aplike pou yon re-detèminasyon pri lwaye estabilize depi ou depoze yon Aplikasyon pou Re-Detèminasyon. Ou dwe bay prèv dènye revni ansanm avèk Aplikasyon pou Re-Detèminasyon. *NÒT: Nou dwe konsidere pèt revni kòm yon pèt ki pèmanan.*

16. Kisa k ap pase si benefisyè prensipal avantaj yo mouri oswa si l ap viv nan yon mezon retrèt nèt?

Si benefisyè prensipal avantaj yo mouri, si li l ap viv nan yon mezon retrèt nèt oswa si li kite apatman an nèt, yon moun nan kay la ki satisfè kritè pou kalifye pou Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye, ki te gen non li endike sou yon aplikasyon anvan, epi ki resevwa dwa siksesyon, ka kalifye pou pran kontwòl avantaj yo. Ou ta dwe depoze yon aplikasyon pou pran kontwòl avantaj yo anvan 6 mwa apre benefisyè prensipal avantaj yo mouri oswa chanje adrès, oswa 90 jou apre Depatman Finans voye yon avi pou anilasyon, kèlkeswa dat ki pi ta a.

Si ou se yon moun nan kay la ki rete EPI ou satisfè tout kondisyon yo pou kalifye pou SCRIE, ou dwe soumèt sa ki endike anba la a:

Pou oumenm: Yon aplikasyon pou pran kontwòl avantaj yo AK

Yon kontra lwaye ki montre ou kòm lokatè dosye a oswa kòm yon lòt lokatè OSWA

Yon lèt ki soti nan direksyon bilding ki endike ou gen dwa siksesyon pou apatman an OSWA

Yon lòd tribinal ki ba ou dwa pou siksesyon nan apatman an

Pou benefisyè prensipal avantaj yo: Prèv ki endike benefisyè prensipal avantaj yo te mouri depi ou bay yon sètifika lanmò. Pou yon benefisyè prensipal avantaj ki kite apatman an nèt, prèv yo ka gen ladan yon lèt yon mezon retrèt bay, yon kontra lwaye oswa yon ID gouvènman federal, leta oswa lokal bay ki endike yon nouvo adrès.

17. Kijan mwen kapab jwenn fòm yo?

Ou kapab telechaje tout fòm yo depi ou ale sou sitwèb nou nan **nyc.gov/rentfreeze**. Fòm yo disponib nan Sant san Randevou nou. Ou kapab mande pou nou voye yon fòm ba ou pa lapòs tou depi ou rele 311.

18. Kisa mwen kapab fè si mwen gen pwoblèm konsènan kontra lwaye mwen oswa si mwen gen pwoblèm pou konteste kantite lajan pri lwaye legal mwen?

Pou rechèch sou pri lwaye, pou rezoud konfli nan pri lwaye, oswa pou depoze yon plent paske mèt kay ou pa t ba ou yon kontra lwaye, lokatè yo kapab kontakte Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote (Division of Homes and Community Renewal, DHCR). Ou kapab kontakte DHCR

Fas-a-Fas:
Gertz Plaza
92-31 Union Hall Street
Jamaica, New York 11433

Nan Telefòn: 718-739-6400

Nan Imèl: RentInfo@nyshcr.org